

Yon Istwa pou Bay Avètisman: Tribilasyon yon Fanmi avèk Malarya

Fatai ak Hanifat Adisa ak tibebe yo, Mariam, te sòti nan peyi Nijerya pou vini nan Etazini depi 10 zan. Depi lè sa a, fanm yo te grandi pou vin gen senk (5) timoun, ki gen laj depi 2 zan jiska 11 zan. Yo tout t ap viv nan Indiana, kote Mesye Adisa t ap travay kòm yon espesyalis terapi fizik.

Preparasyon pou Vwayaj la

Nan fen ane 2005, tout fanmi an te gen yon okazyon pou vizite Nijerya. Pou prepare timoun yo li yo pou vwayaj la, Madam Adisa te konsilte yon pedyat ki te preskri antibyotik ak medikaman pou doulè ak lafyèv sizoka nenpòt moun ta malad.

Madam Adisa te vle pwoteje pitit li yo tou kont malarya, yon maladi danjere ki genyen nan peyi natifnatal li. Li te mande depatman sante lokal la enfòmasyon konsènan vaksen kont malarya epi yo te di li, kòrèkteman, pa t gen vaksen kont malarya. Depatman sante te fè li konnen te gen grenn li te kapab pran kont malarya. Men, Madam Adisa te panse li te dwe pran grenn yo sèlman nan ka maladi; li pa t konprann li te kapab pran grenn sa yo toutbon pou evite enfeksyon malarya toudabò. Epi, fanmi an te kite pou vwayaj yo san pwoteksyon medikaman yo te ofri yo pou yo pa gen malarya (kimyo-pwofilaksi pou malarya).

Vizit nan Nijerya

Pandan anpil semèn nan Nijerya, fanmi Adisa te vizite zanmi ak fanmi yo nan anpil kote: Lagos, Abuja, Kano, ak Ilorin. Timoun yo te tèlman renmen peyi a sa lakòz kèk ladan yo pa t vle retounen nan Etazini.

Maladi ap devlope

Fanmi an te retounen nan Indiana nan fen mwa janvyè 2006, epi kat pi gran timoun yo te retounen lekòl. Men, de (2) semèn apre, yo te kòmanse gen lafyèv, maltèt, ak sentòm grip, epitou kè yo pa t kontan. Dezoutwa jou apre, lekòl la te rele Madam Adisa pou fè li konnen Mariam, pitit fi 11 zan li a, te gen maltèt ki grav. Madam Adisa te enkyete, epi li te mennen tout senk (5) timoun yo nan klinik lokal la. Nan klinik lan doktè te dekouvi kat (4) pi gran timoun yo te gen grip, epi doktè a te fè Mariam konnen li te gen yon farenjit estreptokoksik tou.

Yo te swiv tretman avèk antibyotik ak yon medikaman pou doulè. Twa (3) jou apre, Madam Adisa te remake de (2) nan pitit gason li yo, Ridhwan, ki gen laj 6 zan, ak Mohammad, ki gen laj 10 zan, te gen zye yo jòn, ak yon lòt pitit gason, Mansour, ki gen laj 4 tran, pa t sanble byen nonplis. Li te mennen touletwa nan lopital lokal la, kote doktè te egzamine san yo epi yo te sispèk se malarya. Yo te transfere ti gason yo nan University of Chicago Hospitals san pèdi tan, ki sou yon distans dezoutwa èdtan nan anbilans, pou dyagnostik ak tretman espesyalize.

Laperèz yo te Konfime: Malarya

Nan University of Chicago Hospitals, doktè yo te konfime touletwa ti gason yo te gen malarya akòz Plasmodium falciparum, ki kapab lakòz maladi grav, menm lanmò. Malarya Mohammad, ti gason ki gen laj dizan an, te lakòz li malad grav. San li te twò asid (asidoz laktik) epi li te gen twò pitit sik (ipoglisemi). Li te anemik anpil epitou li te gen kèk epizòd tansyon ki ba.

Doktè yo te mete Mohammad nan inite swen entansif timoun (PICU) epi yo te konekte li avèk yon machin respirasyon. Yo te administre likid nan venn pou korije asidoz ak ipoglisemi Mohammad; medikaman pou korije tansyon li ki ba; anpil san ak plasma pou korije domaj malarya a te lakòz; ak medikaman nan venn pou detwi parazit malarya a.



Malarya te voye Ridhwan Adisa nan lopital, men li pa t sèlman moun ki te vin malad. (Koutwazi John Easton, University of Chicago Hospitals).

Menmsi Mansour ak Ridhwan pa t malad nan yon eta kritik menm jan ak Mohammad, tankou li yo te gen zye jòn, yon siy lajònis ki gen pou wè ak malarya grav. Answit, Mansour te gen yon chaj parazit ki wo; youn sou chak 20 globil wouj li te enfekte avèk parazit malarya. Doktè yo te mete de (2) ti gason yo nan PICU, kote ti gason yo te resevwa tretman nan venn avèk medikaman anti-malarya ak transfizyon san.

Pou mezi sekirite, doktè yo te egzamine san lòt de (2) timoun yo ki nan fanmi an tou, epi yo te jwenn yo te twò enfekte avèk malarya falciparum. Yon jou apre frè yo, yo te mete toulède ti fi yo, Mariam ak Noorat, ki gen laj 2 zan, nan inite pedyatrik jeneral epi yo te trete yo avèk grenn anti-malarya.

Gerizon

Erezman, tout senk (5) pitit Adisa yo te geri nan tribilasyon ekstrawòdinè sa a. Apre de (2) jou tretman san pran souf, Mohammad te refè ase pou doktè yo te dekonekte li nan machin respirasyon an. Nan twazyèm jou a, Mohammad, Mohammad ak Ridhwan te santi yo pi byen epi yo te mennen yo nan inite

jeneral la. Nan setyèm jou apre yo te entène nan lopital la, tout senk (5) timoun yo te jwenn egzeyat yo nan lopital la, yo tout te geri, epi yo pa t gen malarya ankò.

Paran yo te kontan anpil pou rezilta kè kontan sa a. Yo vle rakonte istwa sa a pou bay avètisman pou ankouraje vwayajè ki ale nan zòn kote moun ap transmèt malarya pou yo pran prekosyon senp ki kapab fè yo pa pran maladi danjere sa a.

Nòt anba paj

*Fatai ak Hanifat Adisa te bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) pèmisyon pou fè entèvyou avèk yo konsènan maladi pitit yo, pou diskite sou ka a avèk doktè yo, epi pou pibliye istwa sa a.



Mohammad Adisa ki nan Inite Swen Entansif pou Timoun, ap swiv tretman pou yon malarya ki grav. (Koutwazi John Easton, University of Chicago Hospitals)

Pwoteje tèt ou kont malarya

- Ale nan klinik doktè ou 4-6 semèn anvan ou vwayaje.
- Pran grenn kont-malarya egzakteman jan preskri pa doktè a .
- Pa kite moustik mòde ou, sitou pandan lannwit.
- Si ou vin malad pandan oswa apre vwayaj ou, petèt ou gen malarya: wè yon doktè imedyatman.